**МУ «Отдел образования Ачхой-Мартановского муниципального района»**
**Муниципальный опорный пункт дополнительного образования**
**Ачхой-Мартановского муниципального района**

| РАССМОТРЕНО | ПРИНЯТА | «УТВЕРЖДАЮ» |
|---|---|---|
| на заседании | на заседании | Директор |
| методического совета | педагогического совета | ________________________ |
| Протокол №_6_ | Протокол № 6 | Хачукаева Д.С. |
| от «28» мая 2026 г. | от «29» мая 2026 г. | Приказ № 167 |
| | | от «29» мая 2026 г. |

Дополнительная общеобразовательная общеразвивающая программа:
# «Подготовка к олимпиаде по чеченской литературе»
Направленность программы: **социально-гуманитарная**

Возраст обучающихся: 13-17 лет
Сроки реализации программы: 1 год
Объем программы: 68 ч.

**Составитель:**
Абаева Хижан Элиховна,
учитель чеченского языка и литературы

г. Ачхой-Мартан
2026 г.

Программа прошла внутреннюю экспертизу и рекомендована к реализации в МБОУ «СОШ №7 г. Ачхой-Мартан им. С.С. Гайрбекова» .

Экспертное заключение (рецензия) № 1 от «28» мая 2026 г.

Эксперт: Башаева Мялхазни Мухтаровна, ЗДМР

**1.Дакъа. Кхин т1е дешаран йукъара дешаран йукъара кхиоран программин коьрта характеристикаш.**

Нормативная правовая база к разработке дополнительных общеобразовательных программ: - - Федеральный закон Российской Федерации от 29 декабря 2012 г. № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации» (далее - ФЗ № 273).
- Приказ Министерства Просвещения РФ № 629 от 27.07.2022 г. «Об утверждении Порядка организации и осуществления образовательной деятельности по дополнительным общеобразовательным программам» (с 01.03.2023 г.) (действует по 28 февраля 2029 г.).
- Приказ Минпросвещения России от 03.09.2019 N 467 «Об утверждении Целевой модели развития региональных систем дополнительного образования детей».
- Приказ Министерство образования и науки Чеченской Республики от 15.04.2025 г. №321-п «Об утверждении Дорожной карты по подготовке обучающихся образовательных организаций Чеченской Республики к участию во Всероссийской олимпиаде школьников в 2025-2026 учебном году».
- Приказ МУ «Отдел образования Ачхой-Мартановского муниципального района» от 23.04.2025 г. «Об утверждении Дорожной карты по подготовке обучающихся образовательных организаций к участию во Всероссийской олимпиаде школьников в 2025-2026 учебном году».
-Постановление Главного государственного санитарного врача Российской Федерации от 28.09.2020 № 28 "Об утверждении санитарных правил СП 2.4. 3648-20 "Санитарноэпидемиологические требования к организациям воспитания и обучения, отдыха и оздоровления детей и молодежи".
- Приказ Министерства образования и науки Российской Федерации от 23.08.2017 г. № 816 "Об утверждении Порядка применения организациями, осуществляющими образовательную деятельность, электронного обучения, дистанционных образовательных технологий при реализации образовательных программ".
-Распоряжение Правительства РФ от 31 марта 2022 г. N 678-р Об утверждении Концепции развития дополнительного образования детей до 2030 г. и плана мероприятий по ее реализации.
- Письмо Минобрнауки РФ от 18.11.2015 № 09-3242 «О направлении рекомендаций» (вместе с Методические рекомендации по проектированию дополнительных общеразвивающих программ);
- Профессиональный стандарт «Педагог дополнительного образования детей и взрослых» (Приказ Минтруда и соцзащиты от 22 сентября 2021 г. N 652н);
- Приложение к письму Департамента молодежной политики, воспитания и социальной поддержки детей Минобразования и науки России от 11.12.2006 г. № 06-1844 «
- О примерных требованиях к программам дополнительного образования детей» (в частях, не противоречивых современному законодательству);
- Положение о ДООП.

### 1.1. Кхеторан кехат

Программа х1оттийна нохчийн литературин олимпиадина кечам беш методически г1о-накъосталла даран 1алашонца.

«Ненан (нохчийн) меттан литература» предмет – иза беран интеллектуале а, гIиллакхе-этикин а кхиаран тIегIа къастаден гуманитарни дешарх коьрта предмет йу. Литературин дешаро аьтто бо йешаран маьIна а девзаш, литература Iаморо шегахь къонахчун амал кхиайой а хууш, шен дуьненхьежамна дашца а, йозанца а бух бало а хууш, адамца а, йукъараллица а йаза хууш йолу кхетаме личность кхио.

Нохчийн матто, шен тIекаренан а, ойла йовзийтаран а коьрта функцеш кхочушйеш, адамашна йукъахь уьйр латтайо, адаман кхетам а, дог-ойла а кхолларехь дакъалоцу; нохчийн мотт нохчийн халкъан хаамаш, оьздангаллин ламасташ, истори ларйаран а, йовзийтаран а коьрта гIирс бу.

Ишколехь нохчийн литература Iамор тIехьажийна ду дешархочун оьздангаллин а, коммуникативни а культура кхачаме йалорна а, цуьнан интеллектан а, кхоллараллин а говзалла, ойлайар, иэс, суртхIоттор, ша кхочушден дешаран гIуллакх кхиорна а.

Нохчийн литература Iаморан чулацам иштта тIехьажийна бу функциональни говзалла, адаман йешаран, текстех кхетаран, тайп-тайпанчу барамийн текстийн хаамах пайдаэцаран, цуьнан мах хадоран, цунах ойлайаран, шен Iалашонашка кхачаран, шен хаарш а, таронаш а шорйаран, йукъараллин дахарехь дакъалацаран интегративни хаар санна, кхиорна. Къамелан а, текстан а гIуллакх нохчийн литературин ишколан курсан къепе кхолларехь коьртаниг ду.

Дешаран предметан чулацам кхочушбан таро йу классал арахьарчу гIуллакхдарехь: экскурсеш, тематикин мероприятеш, конкурсаш, и. д.кх.

### 1.2. 1алашонаш:

пох1ма долу дешархой билгалбахар;
пох1ма долчу дешархошна шайн говзаллех пайда эца аьтту бар;
пох1ма долчу дешархошна т1е тидам бахийтар;
пох1ма долчу дешархошна кхиамаш баха г1о дар.

### 1.4. Декхарш:

дешархойн пох1ма гучудаккхарехь болх бар;
шайн 1алашоне кхочург хиларх уьш тешор;
къинхьегамца бен лакхене кхочург цахиларх уьш тешор.

### 1.5. Методаш:

талларан (исследовательские)
лехаман (поисковые)
халонаш нисйаларан (проблемные)
йозанан белхийн (практические).

**1.6. Пох1ма долчу беращца бечу белхан мехаллаш.**

Пох1ма долу стаг жимчохь дуьйна цхьана говзаллица шен нийсархойх къаьсташ хуьлу. И тайпа дешархой билгалбахарехь хьехархочо цаьрца дукха болх бан беза. 1илманчаша билгалдаьккхина шайна хала нислуш долчу х1уманна т1ехь пох1ма долчу дешархошна къахьега ца лаьа аьлла, цундела Дала царна еллачу говзалли т1ехь уьш сабаха церан аьтту бан безаш бу.
Нохчийн литература 1аморехь нислуш цхьацца тайпана халонаш йу. Цу т1е тидам а бохуьйтуш болх бан беза пох1ма долчу беращца, и халонаш йовзарна уьш шаьш т1е а кхуьуьйтуш. Х1ора пох1ма долу дешархо Дала шатайпана дика дина ву, цу диканах цуьнга шена а, нахана а пайда зцийта г1о дан деза, оцу 1алашонца цаьрца бечу белхан раж х1отто йеза.

**1.7. Дешархойн категори.** 13-17 шо.

**1.8. Программа кхеторан барам а, хан а**. 1 шо, 68 сахьт.

**1.9. Болх вовшахтохарехь дешаран кепаш а, цу г1уллакхан раж а:**

- Шен цхьана берана а, тобанан а белхаш.
- Тобанан белхаш
- Лекцеш;
- Практически белхаш ловзарийн кепехь, кицанам, х1етал-металш, ребусаш, кроссвордаш, туьйранаш.
- Къамел; дискусси, обсуждени; ловзаран программа.

**Дешаран вовшахтохаран процессан башхаллаш**. 13-17 шераш долу берийн тобанаш, цхьана тобанехь 3-8 дешархо.

**1аморан кепаш.** б1аьрахьалха дешар.

**Дешаран раж, мур, йохалла (хан).** Урок: к1ирнах шозза, 40 минотехь.

**Дешаран хьехаран некъаш д1адахьар (кхочушдар):** къамел, олимпиадни т1едахкарш кхочушдар, теоретически а, практически а белхаш. Урокан хан - 40 м., сада1аран хан 5-10 мин.

**1аморан кепаш:** б1аьрахьалха дешар.

**Дешаран маххадоран г1ирс:** тестовы белхаш, КИМнаш.

**Дешаран тайпанаш:**

- Информаци лахар а, анализ йар а;
- Проблемни хьал кхочушдар, текстан анализ;
- презентаци и видеороликаш а хьовсар;
- тесташ а талламан т1едахкарш даханчу шерийн олимпиадан (ВСОШ).

**1.10. Олимпиадина кечамбаран курс чекхйаьлча дешархой хаа декхарийлаль бу:**

- Тайап-тайпанчу кепехь олиминадин тедахкарш кхочушщан ( тесташ, коллараллин белхаш, йозанан кепехь хаттаршна жопаш йаздан);
- Текстан талларан башхаллаш йовзар; Нохчийн меттан луг1атех пайдаэца.

**1.11. Нохчийн меттан а, литературин а урокашкахь пох1ма долчу дешархойн кху тайпана кхиамаш хила таро йу:**

-нохчийн меттан хаарш алсамдовлар;

-къовсадаларшкахь (олимпиадашкахь) хьалхара меттигаш йахар;

-нохчийн маттахь байташ а, дийцарш а йаздан 1амар;

- баккхийчаьргахула нохчийн ширделла дешнаш довзар;

- нохчийн ширлуш долу г1иллакхаш, 1адаташ карладахар;

- классал арахьа бечу белхан жигарло совйалар

**Дакъа 2. Нохчийн литературин тематикин планировани**

| № п/п | Программин дакъойн а, темийн а цIераш | Сахьтийн барам | Теори | Практика |
|---|---|---|---|---|
| | **Дакъа 1. Халкъан барта кхолларалла** | | | |
| 1.1. | Нохчийн халкъан туьйра<br>Малые жанры фольклора: пословицы, загадки. Фольклоран кегий жанраш: кицанаш, хIетал-металш. Нохчийн халкъан туьйранаш. Туьйранаш кхаа тобане декъар: Iер-дахаран, тамашийна, дийнатех лаьцна туьйранаш. Нохчийн халкъан туьйра «Кхо ваша». Тамашийнчу туьйранийн элементаш. Iер-дахаран темица догIу туьйра «Тамашена олхазар».<br>Туьйранан йукъараллин мукъамаш. Миска нах а, элан тайпанан нах а дуьхь-дуьхьалхIиттор. «Борз а, Iахар а» - дийнатех лаьцна туьйра. | 12 | **4** | **8** |
| | **Дакъа 2. Нохчийн йаздархойн говзарш** | | | |
| 2.1. | Литературин теори: Литературин туьйра. Халкъан туьйранах литературин туьйра къастар, гипербола, эпитет, диалог, монолог, произведенешкахь йолу оьздангаллин кепаш | **18** | **6** | **12** |
| 2.2 | Мамакаев М. «Баппа» (дийцар).<br>Сулаев М. «Ламанан хи» / « (стихотворени).<br>Йаздархочун биографи. Жимачу а, боккхачу а Даймахке безам кхиор.<br>Кибиев М. «Меттан сий» (стихотворени). Ненан меттан маьIна. Меттан ницкъ а, сий а. Ненан маттах воккхавер кхиор.<br>Окуев Ш. «БIаьсте» (стихотворени).<br>Даймехкан суьрташ. Даймахкаца боьзна поэтан синхаамаш.<br>Рашидов Ш. «Ден весет» (поэма).<br>Исбаьхьа кхоьллинарг а, биографически мукъамаш а. ТIекхуьучу чкъурехь хила йеза оьздангаллин мехаллаш. Халкъана а, Даймахкана а хьалха долу декхар.<br>Литературин теори: автобиографин поэма.<br>М. Дикаев. «Нохчо ву со» (стихотворени).<br>Кхечу къоман векалшца машарехь, доттагIаллехь ваха / йаха кийча а, царна эшначохь гIоьнна ван / йан кийча волчу / йолчу йахь йолчу а, маьршачу а нохчичун васт.<br>Хамидов 1. – Хь. «Д1а – коч, схьа – коч» | **28** | **8** | **20** |
| | **Йукъара хаамаш** | **10** | **2** | **8** |
| | **Дерриг:** | **68** | **20** | **48** |

## 2.1. Нохчийн литература предметан чулацам

Дешаран предметан чулацамо шена йукъалоцу литературин говзарийн а, церан авторийн а гайтар, иштта тематикин блокаш а: «Халкъан барта кхолларалла», «Нохчийн йаздархойн говзарш».

## ТЕМАТИКИН БЛОКАШ

**Халкъан барта кхолларалла**

Нохчийн халкъан туьйранаш
Туьйранаш
Фольклоран кегий жанраш: кицанаш, хIетал-металш.

**Нохчийн йаздархойн говзарш**
М. Мамакаев. «Баппа».
М. Сулаев. «Ламанан хи.
Берийн журнал «СтелаIад»: журналан специфика, жанраш, рубрикаш, тексташца болх бар
Ш. Окуев. «БIаьсте».
М. Кибиев. «Меттан сий».
Ш.Рашидов. «Ден весет».
М. Дикаев. «Нохчо ву со».
I. Хамидов. «ДIа – коч, схьа – коч».
М. Сулаев «ГIовтта», «Малх тоьлур бу».
I. Мамакаев. «Кавказа латта», «ЙоIе», «Даге»

**Олимпиаде воьдучунна хаьа деза:**

1. Говзаран тема а, коьрта ойла а, коьрта Iоттабаккхам а къасто (5-6 классаш);
2. Сюжет йухайийца, фабула йаккха, йухайийцаран тайп-тайпана гIирсех пайдаэца а (5-6 классаш), композицин башхаллаш билгалйаха а(6-7 классаш);
3. Персонажаш-турпалхойн амалийн сурт хIотто, церан дустаран башхаллаш йало (5-6 классаш), персонажийн системина мах хадо (6-7 классаш);
4. Йаздархочун кхоллараллин амалца богIу коьрта гайтаран-исбаьхьаллин гIирсаш лаха, церан исбаьхьаллин функцеш билгалйаха (6-7 классаш), йаздархочун меттан а, хотIан а башхаллаш къасто (8-9 классаш);
5. Исбаьхьаллин говзаран жанрийн, тайпанийн специфика билгалйаккха (7-9 классаш);
6. Говзарийн оьздангаллин-философин а, йукъараллин-исторически а, эстетически а проблематикех гар кхето (8-9 классаш);
7. Говзаршкахь исбаьхьаллин элемента къасто а, царна йукъара уьйр гучайаккха а (5-7 классаш); тайп-тайпана жанрийн литературин говзарийн анализ йан (8-9 классаш);
8. Турпалхошца а, хиламашца а йолу авторан йукъаметтиг билгалйаккха (хIора классехь шен тIегIане хьаьжжана);
9. Коьртачу теоретикин-литературин терминех а, кхетамех а пайдаэца (хIора классехь – оцу классехь Iамийнчу терминех пайдаэца хаар);
10. Исбаьхьаллин говзаре йолу шен йукъаметтиг дIахаийта; шена хетачун аргументаци йан (х1ора классехь – шен т1ег1ане хьаьжжана);
11. ХIиттийнчу хаттаршна шуьйра барта йа йозанан жоп дала (хIора классехь - шен

тIегIане хьаьжжана), дешаран дискуссеш дIайахьа (7-9 классаш);

12. Сочинени, эссе, хьалхе кхайкхийнчу литературин йа публицистикин темина леринчу проектана материал лаха, карийна информацех пайдаэца (хIора классехь – шен тIегIане хьаьжжана);

13. Исбаьхьаллин литературин говзарш исбаьхьа йеша, говзаре йолу шен йукъаметтиг а дIа а гойтуш (5-9 классаш);

14. Дешаран хаамийн хьаьрмехь оьшург лаха хаа (7-8 классаш) энциклопедешца, дошамашца, справочникашца, леринчу литературица болх бан (8-9 классаш), библиотекин каталогех, библиографически гойтургех, Интернет лахаран системех пайдаэца (хIора классехь – шен тIегIане хьаьжжина).

## 3. Нохчийн литература хьехаран план

| № | 1амочу коьчалан ц1е | Сахьт | |
|---|---|---|---|
| ***1*** | Халкъан барта кхолларалла | 1 | |
| 2 | Фольклоран кегий жанраш: кицанаш | 1 | |
| 3 | Фольклоран кегий жанраш: хIетал-металш | 1 | |
| 4 | Фольклоран кегий жанраш: шира дийцарш | 1 | |
| 5 | Фольклоран кегий жанраш: чехкааларш | 1 | |
| 6 | Фольклоран кегий жанраш: туьйранаш | 1 | |
| 7 | Литературин теори: дийцаран жанр, сюжет, васт. | 1 | |
| 8 | Дийцар, суртх1оттор, ойлайар | 1 | |
| 9 | Исбаьхьалла. Эстетика а, этика а | 1 | |
| 10 | Литературин теори: дустар | 1 | |
| 11 | Литературин теори: эпитеташ | 1 | |
| 12 | Литературин теори: метафораш | 1 | |
| 13 | Литературин теори: пейзаж | 1 | |
| 14 | Литературин теори: гипербола, дустар | 1 | |
| 15 | Литературин теори: синедерзор, йухааларш | 1 | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 16 | Мамакаев М.А. дахар, кхолларалла. «Баппа» дийцар. Ши некъахо | 1 | |
| 17 | Мамакаев М.А. «Баппа» дийцар. Нийсо харцонал толар | 1 | |
| 18 | Сулаев М.А. дахар, кхолларалла. | 1 | |
| 19 | Сулаев М.А. «Ламанан хи» стихотворени | 1 | |
| 20 | Берийн журнал «СтелаIад»: журналан специфика, жанраш, рубрика, текстащца болх бар | 1 | |
| 21 | Окуев Ш. «БIаьсте» (стихотворени) | 1 | |
| 22 | Окуев Ш. «БIаьсте» стихотворенин анализ | 1 | |
| 23 | Кибиев М. «Меттан сий» (стихотворени) | 1 | |
| 24 | Кибиев М. «Меттан сий» стихотворенин анализ | 1 | |
| 25 | Рашидов Ш. «Ден весет» (поэма). Исбаьхьа кхоьллинарг а, биографически мукъамаш а | 1 | |
| 26 | М. Дикаев. «Нохчо ву со» (стихотворени) | 1 | |
| 27 | М. Дикаев. «Нохчо ву со» стихотворенин анализ | 1 | |
| 28 | 1.Хамидов «Д1а – коч, схьа – коч» | 1 | |
| 29 | М. Сулаев «Г1овтта» | 1 | |
| 30 | 1.Мамакаев «Кавказан латта» | 1 | |
| 31 | Сочиненин д1ах1оттам | 1 | |
| 32 | Сочинени вовшахтохар | 1 | |
| 34 | 1амийнарг карладаккхар | 1 | |

## Литературин список

**Хьехархошна**


1. Арсанукаев А.М. Нохчийн яздархой. Библиографин довзийтар (Чеченские писатели. Биографические и библиографические сведения). В 2-х т. – Грозный, 20I2.
2. Арсанукаев А.М. Нохчийн литературин Iилманан терминийн лугIат (Словарь литературоведческих терминов). – Грозный, 20I0.
3. Вагапов А.Д. Школьный орфографический словарь чеченского языка. – Грозный, 2020.
4. Ибрагимов Л. Толковый словарь чеченских фразеологизмов. – Грозный, 2005. – I28 с.
5. Ибрагимов Л. Словарь символов чеченской культуры. / Вестник Академии наук чеченской Республики. – Грозный, 20I0. №I. С. I6I-I67.
6. Кусаев А. Чеченские писатели. – Грозный, 2005. – 408 с.


**Дешархошна**


7. Ибрагимов Лоьма. Нохчийн фразеологизмийн маьIнадаран дошам (Толковый словарь чеченских фразеологизмов). – Грозный: ГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2004. – 128 с.


***Интернет ресурсаш***


8. Нохчийн меттан лексикин-семантикин тезаурус (Лексико-семантический тезаурус чеченского языка)//URL: http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
9. Образовательный портал «Чеченская электронная школа» //URL:https://desharkho.ru/
10. Чеченско-русский, русско-чеченский онлайн-словарь. Дикдошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/
11. Демонстрационные варианты заданий https://olympiadsvosh.s-vfu.ru/materials/118